***Baltaniyazova Nesibeli Teńelbaevna***
***Jurnalistika tálim baǵdarı 3-kurs studenti***
***Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti***
***Ózbekstan Respublikası, Nókis.***

# SOCIALLIQ TARMAQLARDAG'I MEDIA TEKSTLERINDE FEYK INFORMACIYALAR

***Annotaciya:*** *Bul maqalada social-media tekstlerinde tarqalıp atırǵan hár túrli kórinistegi feyk informaciyalar haqqında aytılǵan. Búgingi kúnde keń jámiyetshiliktiń feyk informaciyaǵa bolǵan dıqqat-itibarı júdá joqarı. Olardıń aldın alıw jolları, sociallıq tarmaqlarda informaciya mádeniyatın saqlaw sıyaqlı máseleler úyrenilip shıǵılǵan.*

***Gilt sózler:*** *media tekst, informaciya, feyk informaciya, qáwipsizlik, social tarmaqlar, keń jámiyetshilik.*

***Baltaniyazova Nesibeli Tenelbaevna***
***2 - year student in the specialty journalism***
***Karakalpak State University named after Berdakh***
***Nukus, Republic of Uzbekistan.***

# FAKE INFORMATION IN MEDIA TEXTS ON SOCIAL NETWORKS

***Abstact:*** *This article writes about various fake information detected in social media texts. Today the public's attention to fake information is very high. Ways to prevent them, preservation of information culture in social networks and other issues were studied.*

***Keywords:*** *media text, information, fake information, security, social networks, public.*

Ǵalaba xabar quralları, yaǵnıy mediada kúndelikli baspasózde járiyalanıp atırǵan jańalıqlar hám informaciyalarǵa bolǵan talap júdá joqarı dárejede. Adamǵa suw, hawa qanshelli zárúr bolsa, informaciya da sonshelli áhmiyetke iye. Bul haqqında professor Tima Berners Li bılay dep jazadı: "Informaciyanı ózim basqara alatuǵın hám oǵan iyelik etetuǵın dúnyanı qurǵım keledi". [2; 1] Usı jerde

informaciyanıń ózi ne, ol qanday túsinikti ańlatadı, degen sorawlarǵa juwap berip ótsek.

Informaciya (latınsha “Information” – túsindiriw, bayan etiw, al ingliz tilinde “info” – maǵlıwmat degen mánisti bildiredi) – “shaxs, fakt, predmet, bolıp ótken waqıya-hádiyse haqqındaǵı maǵlıwmat.” [1] Ol birinshiden, adamlar menen kommunikaciya ornatıw maqsetinde qollanılsa, ekinshiden, pán hám texnikada qollanılatuǵın túsiniklerdi ańlatadı.

Búgingi kúnde auditoriyaǵa yamasa keń jámiyetshilikke informaciyanıń operativ jetip barıwı - bul informaciya tarqatatuǵın shólkemlerdiń: xabar agentligi, gazeta, televedeniye, radio, hám internet saytları hám basqa da informaciya tarmaqlarınıń iskerligine baylanıslı. Biraq, jańasha kóz-qaras hám rawajlanıw strategiyası, adam psixologiyasınıń jetilistiriliwine xızmet etkeni menen, bul óz náwbetinde, “adamlardı málim bir máplerge xızmet etetuǵın, alıs-jaqında tarqalatuǵın, túrli mazmundaǵı xabar basımlarınıń tásiri astında jasawǵa iytermeleydi.” [2, 33-b]

Búgingi kúnde media tekstlerinde, ásirese, informaciyanıń hár túrli unamsız kórinisleri kelip shıǵıp atırǵanı sır emes. Oǵan feyk xabarlar kiredi. Bunda dálillenbegen faktler yamasa faktsız informaciyalar orın alıwı múmkin.

Feyk (ingliz tilinen alınǵan bolıp, “jalǵan”) informaciya dep, óziniń túrli maqsetleri menen keń jámiyetshilikke jalǵan informaciya tarqatıw, yaǵnıy adamlardı shalǵıtıw degen mánislerdi bildiredi. [3] Bunday informaciyalardı sociallıq media tekstlerinen kóriwimizge boladı. Máselen, “Ózbekstanda koronavirustan qaytıs bolǵan birinshi jası úlken erkek. Densawlıqtı saqlaw ministrligi onıń qaytıs bolǵan qáwipli toparda bolǵanlıǵın aytpaqta. Biraq, kekse adamlar ushın koronavirus penen keselleniw qáwpi eń tómen ekenligi málim. Derek: http://clickbait.easy-money.com/” (1-súwret). Bunday sociallıq media tekstlerinde tarqalǵan informaciyalar, ásirese, pandemiya dáwirinde kóp járiyalandı. Sebebi, global mashqala – koronavirusqa qarsı gúresiw dáwirinde informaciyaǵa bolǵan zárúrlik júdá joqarı edi. “Koronavirus ókpege ótiwinen aldın tamaqta 4 kúnge deyin saqlanıp turadı, sol waqıtta jótel hám tamaq awırıwı

baslanadı. Eger sol dáwirde kóp suw ishilse, duz hám uksuslı suwda tamaq shaysa, virus joǵaladı. Bul xabardı ilaji barınsha kóp adamlarǵa tarqatıń", (2-súwret, https://t.me/antifake_uz saytınan alındı) degen mazmundaǵı xabarlar, informaciyalar orın aldı. Áne sol waqıtta, kópshiliktiń informaciya tarqatıwǵa bolǵan talabı joqarı boldı.

Bunnan basqa jaqında ǵana sociallıq tarmaqlarda hám telegram kanallarında Ózbekstan Respublikası Prezidenti rásmiy saytı – "www.president.uz" ǵa usas feyk veb-sayt (www.president-uz.link) arqalı "balaları bar hár bir shańaraqqa 650 000 sumnan byudjetten pul ajıratılıwı…" haqqındaǵı xabar tarqaldı. Usı xabarda qanday da bir silteme beriw jolı menen plastik karta maǵlıwmatın kiritiliwi aytılǵan (3-súwret). Mine, bunday feyk informaciya hár túrli kóriniste, hár qıylı jollar menen tarqalıwı - olardıń maqsetlerine jol ashılıwın támiyinleydi.

Mine, usıǵan usas informaciyalar arqalı jámiyetti ózine qaratıw yamasa dáramat tabıw maqsetinde jámiyetshilikke tiykarsız informaciyalardı tarqatıw háwij aldı. Álbette, bunday tiykarsız informaciyalarǵa isenip durıs baǵdardan shalǵımaw yamasa informaciyalıq manipulyaciya qurbanına aylanıp qalmawımız ushın birinshi náwbette ózimizde informaciyalıq mádeniyattı qáliplestiriwimiz kerek. Bunda media tekstlerine itibar qaratıp, ondaǵı hár bir sózdi, gápti analizlew, onıń rásmiy yamasa rásmiy emesligin anıqlaw yamasa sol berilgen informaciyanı jáne basqa dáreklerdegi informaciyalar menen salıstırıp kóriw usılların qollanıwımız múmkin. Bul baǵdardaǵı ilimiy miynetlerden V.I.Yarakchinnıń "Информационная безопаность" ("Informaciya qáwipsizligi"), J. Andress "The Basics of informacion Security: Understanding the Fundamentals of InfoSec in Theory and Practice" ("Informaciya qáwipsizligi tiykarları: teoriya hám ámeliyatta info-qáwipsizlik túsinigi tiykarları") atlı miynetlerinen paydalansaq boladı. Máselen, zamanagóy informaciya jámiyetinde bolıp atırǵan processler, onıń qáwipsizligine qarsı háreketler, informaciyalıq qáwiplerden qorǵaw, oǵan qánige sıpatında úyrenip shıǵıw haqqında atap ótiwimizge boladı.

Usı miynetlerdi oqıw hám ózlestiriwimiz arqalı biz tómendegi nátiyjelerge erisemiz:

1. Informaciya qáwipsizligi haqqında keńnen túsinik alıwğa múmkinshilik beredi;

2. Ámeliy jaqtan jámiyetshilikte júz berip atırğan feyk informaciyalardı ajıratıp alıwğa bağdarlaydı;

3. Feyk informaciyalardı anıqlawdıń hár túrli usılların úyretedi.

Juwmaqlap aytqanda, XXI ásirde internettiń rawajlanıwı menen social-mediağa bolğan talap júdá joqarı bolmaqta. Internettegi media materiallar aktivligi, operativligi hám tásirsheńligi menen ajıralıp turadı, jámiyetshilikti tez ózine tartadı. Degen menen, onıń unamsız tárepleri de bar. Informaciya qanday kóriniste bolmasın, insan, jámiyet hám mámleket onıń keri tásirinde qalıp qoymawı kerek. Bunıń ushın bolsa, álbette, bilim, izleniw hám qırağılıq talap etiledi. Eń baslısı informaciyalıq hám media sawatlılıqqa iye bolıw ekenligin umıtpawımız kerek.




(1-súwret)




(2-súwret)




(3-súwret)

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:


1. Ярокчин В.И. «Информационня безопасность». Москва.: 2003
2. Karimov I.A. “Jamiyatimiz mafkurasi xalqni xalq, millatni millat qilishga xizmat etsin” // Barkamol avlod orzusi (Kadrlar tayyorlash milliy dasturni amalga oshirish borasida publicistik muloxazalar)- T.: ”Sharq”, 1998, 33-b
3. *Hunt, Elle*. What is fake news? How to spot it and what you can do to stop it (англ.) (17 December 2016). Дата обращения 15 января 2017.


## Internet materialları:


1. https://stuki-druki.com/aforizm_Informaciya.php
2. Foto NewsTv saytınan
3. https://t.me/antifake_uz